



Gouvènè
Charles D. Baker
Karyn E. Polito
Lyetnan-Gouvènè

Biwo Egzekitif Commonwealth
Biwo Egzekitif pou Sante ak Sèvis Sosyal
Depatman Sèvis Devlopmanal
1000 Washington Street, Suite 401
Boston, MA 02118

Marylou Sudders
Sekretè

Jane F. Ryder
Komisè

Areyakòd (617) 727-5608
TTY: (617) 624-7590

10 Dawout 2021

Chè Kominote DDS:

Avèk dènye chanjman nan politik yo nan peyi a ak nouvèl konsènan varyant Delta a, mwen konnen ke w ap poze tèt ou kesyon sou fason sa fè enpak sou pwogram DDS yo ak moun pwòch ou yo, ak ki mezi n ap pran pou kenbe yo an sekirite. Semèn sa a, n ap anonse gwo mizajou nan pwogram tès kontwòl swen kolektif nou an epitou n ap pibliye gid ki aktyalize pou vizit, pou fwaye kolektif, ak pou pwogram lajounen yo.

Premyèman, nou pral fè tès pi souvan epi ki genyen ladan manm pèsònèl vaksinen nan tès kontwòl ankò. Tès kontwòl chak semèn pou tout manm pèsònèl k ap travay nan pwogram swen kolektif yo pral ede nou idantifye ka yo pi vit. Antanke yon pratik kounyeya, nenpòt lè yo idantifye yon ka pozitif, yo pral fè tès touswit pou tout manm pèsònèl ak rezidan yo. Tanpri konnen, aktyèl politik sou izòlman ak politik sou karantèn yo pa te chanje.

Dezyèmman, nou ankouraje moun mete mask pi souvan, menm pou moun ki te resevwa tout vaksen an. Byenke rezidan ki resevwa tout vaksen yo pa bezwen mete yon mask lakay yo, manm pèsònèl la pral kontinye mete mask nan pwogram lajounen ak nan fwaye an gwoup yo, epi nou pral mande tout vizitè yo pou mete yon mask andedan pwogram yo, menm si yo te resevwa tout vaksen an. Objektif la se pa pou mete restriksyon nan vizit yo, se pa pou anpeche w anbrase pwòch ou an, oswa pou limite kapasite w pou pase tan avèk li. Mete mask ak fè tès ede nou fè sa.

Twazyèmman, nou kontinye ankouraje vaksinasyon pou COVID-19 pou tout



moun. Ou kapab prepare yon [Vaksinasyon Adomisil](#) lè ou rele 1-833-983-0485, jwenn yon sit vaksinasyon toupre w lè ou itilize [sit entènèt VaxFinder la](#), oswa travay avèk yon gwoup pou pwograme yon [Klinik Vaksinasyon Mobil](#). Si ou bezwen èd, tanpri kontakte Kowòdonatè Sèvis DDS ou an.

Nan paj ki swiv yo, w ap jwenn resous sou vaksinasyon ak lyen pou jwenn aksè nan gid ki aktyalize pou fwaye kolektif ak pwogram lajounen yo.

Jan sa toujou fèt, tanpri rete an kontak avèk Biwo Zòn ak Kowòdonatè Sèvis la epi swiv Depatman an sou sit entènèt nou an (mass.gov/dds) ak rezo sosyal yo (@ddsmass) pou dènye mizajou yo.

Pran bon swen nou,

Jane

Pwogram Tès Kontwòl

- Tès kontwòl chak semèn pou tout manm pèsònèl swen kolektif yo, menm si yo resevwa tout vaksen an, apati 12 Dawout.

Metè Mask

- Rezidan nan fwaye kolektif yo ki resevwa tout vaksen an pa genyen obligasyon pou metè yon mask lakay yo.
- Moun DDS sèvi yo dwe swiv gid pou piblik la sou mask nan anviwònman piblik yo.
- Tout manm pèsònèl yo genyen obligasyon pou metè yon mask pandan y ap travay nan pwogram swen kolektif yo ak nan pwogram lajounen yo.

Vizit

Nou te mande anviwònman rezidansyèl nou yo pou retounen nan politik ak pratik sou vizit anvan pandemi an avèk eksepsyon sa yo:

- Kounyeya yo mande tout vizitè yo pou metè mask lè yo anndan.
- Pouswiv kontwòl pou tout vizitè yo pou chèche sentòm maladi ak enfeksyon COVID-19 la.
- Kanpe vizit la lè yon rezidan nan izòlman akòz enfeksyon COVID la oswa si genyen yon deklanchman COVID-19 nan pwogram nan.
- Li obligatwa pou manm pèsònèl la metè mask nan fwaye kolektif yo, san konsidere sitiyasyon vaksinasyon yo.

Dènye Enfòmasyon sou Vaksinasyon

- [Vaksinasyon Adomisil](#) yo disponib kounyeya pou tout moun ki genyen pwoblèm pou rive nan yon sit vaksinasyon. Rele 1-833-983-0485 pou pwograme vaksinasyon an lakay ou.
- **Rele 2-1-1** pou pran yon randevou nan telefòn.
- Itilize sit entènèt [VaxFinder](#) la pou chèche randevou nan famasi yo, kay founisè swen sante yo, ak lòt lye kominotè yo.

Si ou bezwen èd pou planifye yon vaksinasyon pou COVID-19 DDS la ap òganize, tanpri kontakte Kowòdonatè Sèvis DDS la.



Tanpri gade anba a pou jwenn lyen ak resous ki itil:

Vaksinasyon pou COVID-19 yo

- Enfòmasyon nan Massachusetts sou vaksen an: mass.gov/covid-19-vaccine
- Jwenn randevou ki disponib yo pandan n ap itilize VaxFinder.mass.gov
- [Pwogram Vaksinasyon Adomisil](#)
- [Pwogram Vaksinasyon Mobil](#)
- [Enskri pou Prim VaxMillions nan](#)
- [KESYON YO POZE SOUVAN: Transpò nan Randevou Vaksen pou COVID-19 la pou Manm MassHealth yo](#)
- [Gid Randevou pou Vaksen an](#)
 - [Sa Ou Dwe Konnen Anvan Ou Ale](#)
 - [Sa Ou Dwe Konnen pou Randevou Ou an](#)
- [Kesyon yo poze souvan sou Vaksen an: Sekirite Vaksen an](#)
- [Kesyon yo poze souvan pou Vaksen an nan plizyè lang](#)

Konsèy pou Vizit

- [Konsèy pou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo](#)

Konsèy pou Pwogram DDS yo

- [Gid Pwogram sou Swen Rezidansyèl ak Swen Kolektif](#)
- [Gid Pwogram sou Tès Kontwòl pou Swen Kolektif](#)
- [Gid pou Pwogram Lajounen](#)
- [Konsèy sou Transpò Sèvis Moun](#)
- [Lis Verifikasyon Plan Transpò Sèvis Moun](#)

Resous DDS

- [Vizite sit entènèt DDS la](#)
- [Kontakte Biwo Rejyonal DDS la](#)
- [Kat Rejyonal Enteraktif DDS la](#)
- Swiv @DDSMass sou rezo sosyal yo
 - [Facebook](#)
 - [Twitter](#)
 - [Instagram](#)